

TeleWIC

YON GID ETAP PA ETAP

Florida
HEALTH
WIC Florida

ETAP 1



RELE NOU

Rele youn nan ajan trè kalifye nou yo nan **786-336-1300** pou w kapab pran oswa rebran randevou WIC ou a. Ajan yo disponib pou asiste ou Lendi rive Vandredi, 7:15 a.m. – 5 p.m.

ETAP 2

PWOGAME

Ajan WIC la ap kolekte enfòmasyon ou yo epi fikse yon randevou nan **dat, lè, epi tip randevou ou bezwen an (a distans oswa an pèsonn)**. Klike [la](#) pou w jwenn lis sant WIC Miami-Dade yo.



ETAP 3



Florida WIC


DOKIMAN

Avan randevou ou a, telechaje tout [dokiman](#) nesesè yo sou aplikasyon [Florida WIC la](#).

Li fasil epi li pratik.

Si ou nouvo nan Pwogram WIC la ou kapab itilize opsyon sa a **aprè** premye randevou WIC ou a.

ETAP 4



REMINDER

Yon jou avan randevou WIC ou a, w ap resevwa yon tèks mesaj k ap konfime dat avèk lè randevou ou a. Anrejistre **833-612-2215** nan kontak telefòn ou kòm “WIC Miami-Dade” pou pwochen mesaj yo!

ETAP 5


ÈSKE OU PARE?

5 minit avan randevou WIC ou a, w ap resevwa yon tèks mesaj.

Si randevou a se an pèsòn li ye, tanpri rive a lè nan sant WIC ou a, ou pa bezwen reponn tèks la.

Si ou gen yon randevou WIC a distans/vityèl, reponn “1” epi n ap konnen ou pare.

Randevou a distans/vityèl:



Randevou a se an pèsòn:




Sèlman reponn “1” si ou gen yon randevou vityèl



ETAP 6 – 8 YO SE POU RANDEVOU WIC A DISTANS / VITYÈL YO SÈLMAN

ETAP 6




WIC a distans SÈLMAN

Après ou fin reponn "1" ki fè nou konnen ou pare pou randevou WIC a distans ou an/vityèl, w ap resevwa yon mesaj konfimasyon. Tanpri pran yon ti pasyans, yon ajan WIC ap rejwenn ou byen rapid.

ETAP 7

PARE

Lè ajan pwogram WIC nan pare pou l wè w, w ap resevwa yon mesaj tèks ak yon **lyen**. Klike sou lyen an epi yon nouvo fenèt ap louvri nan navigatè entènèt ou a.





STEP 8



CHAT VIDEO

Après w fin klike sou lyen an, l ap mennen w nan ekran randevou vityèl la. **Antre non ak siyati** ou nan bwat tèks la, epi klike sou **Join Meeting** (Antre nan reyinyon an). Apèl videyo TeleWIC ou a pral kòmanse! Tanpri otorize aksè ak mikwofòn ou epi kamera ou. Pou fini apèl la, rakwoche tou senpleman. Ou pral resevwa yon mesaj tèks pou fè swivi eksperyans ou yo avèk nou. Nou apresye kòmantè ou yo.

NOUVO FONKSYONALITE!



OU KA AJOUTE LÒT MOUN KOUNYE A NAN RENDEVOU TELEWIC OU



Nou pran an chaj kòmantè ou yo epi ajoute yon nouvo fonksyonalite ki pèmèt ou ajoute lòt moun nan randevou TeleWIC ou, tankou konjwen ou, patnè ou, manm fanmi ou, elatriye.

Klike sou **flèch** ki anba a nan apèl videyo ou a epi yon meni ap parèt. Klike "**share**" (pataje) epi voye lyen videyo a bay youn nan kontak ou yo atravè tèks, imèl, oswa lòt mwayen.



- Lè w ap pran randevou ou a, asire w ou ekri dat, lè epi ki tip randevou a (an pèsonn oswa WIC a distans/vityèl).
- Li tout tèks mesaj la pou enstriksyon yo.
- Telechaje dokiman yo sou aplikasyon WIC Florida a avan randevou a (sèlman pou moun ki deja kliyan WIC yo)
- Lè ou reponn "1" pou w di nou ou pare ou pa bezwen voye yon lòt tèks ankò. W ap jwenn yon mesaj konfimasyon touswit.
- Toujou kite nimewo telefòn ou ajou avèk WIC. Rele nou nan 786-336-1300 si ou bezwen mete li ajou.

@MiamiDadeWIC | miamidadewic.org | 786-336-1300